



Akademisyen Marie Marcelle Buteau RACINE

Prezantasyon

Marie Marcelle Buteau RACINE fèt nan vil Okay nan dat 31 me 1934. Li pran yon doktora nan Lengwistik nan Inivèsite Georgetown (Etats-Unis), nan lane 1970. Jounen jodi a Madam Racine se yon pwofesè ki nan retrèt. Men, li toujou bay yon kou kreyòl pou etranje nan Anbasad Ayiti nan Washington ak nan Inivèsite Columbia.

Piblikasyon

Pami travay madam Racine fè nan lang kreyòl, nou ka site :

- *Yon michan bouke flè pou sanba Moriso, yon omaj pou powèt Felix Morisseau-Leroy* (1992)
- *Lang kreyòl la ap pran plas li an Ayiti, Sèl* (1980)
- *French Creole in the Caribbean, CLA Journal* (1975)

Angajman

Akademisyèn Racine fè pwomosyon oubyen defann lang kreyòl nan domèn sila yo:

- Rechèch
- Edikasyon
- Dwa fanm
- Lenguistik

CRESFED se enstitiyon ki te pwopoze Marie Marcelle Buteau RACINE kòm Akademisyèn.